- Румису Мамакаеву я знаю не так уж давно - два года назад я был принят в группу «Нохчалла», в которой часто читаю её стихотворения. Видимся мы и на встречах членов нашей группы. Поэт - это тот, кто болеет за свой народ, за его родной язык. Ведь он является ключом к нашим корням и традициям. Вся её поэзия пронизана любовью к родному языку, к истории родного края. Стихи её одинаково любят и дети, и взрослые. В свою очередь, У. Эльмурзаев прочитал своё стихотворение «Дуьне».

**Ислам Насуханов - первый секретарь Ножай-Юртовского районного местного отделения КПРФ:**

- Румиса, спасибо тебе большое за то, что ты нас сегодня здесь собрала! Нам очень приятно присутствовать на этой встрече, посвящённой твоему творчеству. Мы с удовольствием читаем твои стихи. Я от души желаю тебе больших творческих успехов!

**Раиса Абубакарова, поэтесса, ЧР:**

- Я тоже недавно познакомилась с Румисой Мамакаевой и её творчеством. Надо признать, её стихи подкупают своей простотой в изложении. Я с огромным уважением отношусь к людям, которые помнят и любят свой край родной, язык и этому прививают учащихся школы. Пользуясь случаем, хочу поблагодарить тех, кто создал группу «Нохчалла» - у нас появилось столько замечательных друзей и мы - как одна дружная семья.

**Асма Арсанова - внучка выдающегося религиозного мыслителя и общественого деятеля, Устаза Дени Арсанова,** также пожелала успехов Румисе. Отметила, что её творчество любят и ценят.

**Вахид Гумаев,** поэт, вручил Румисе букет белых роз и зачитал своё стихотворение «Ахтарг» («Тополь»).

- Румису Мамакаеву знаю почти четыре года. Мы с ней состоим в одной группе «Нохчалла». И стихи её тоже я впервые прочитал в ней. У неё они особенные. Завтра в Чечне отмечается один из важнейших и значимых праздников - День чеченского языка. И то, что сегодняшняя встреча проходит в канун такого дня, говорит о том, какую ценность представляет родной язык для нашего народа, а в творчестве Румисы - роль поэзии в духовно-нравственном воспитании молодого поколения. Удачи и успехов тебе, Румиса!



**Хож-Бауди Борхаджиев - гл.редактор газеты «Гумс»:**

- В здании этого Районного Дома Культуры я присутствую второй раз. В первый раз мы приезжали сюда с писателями Шаидом Рашидовым и Абузаром Айдамировым. Это было перед выборами в Верховный Совет ЧР. Я был доверенным лицом кандидата в депутаты ВС ЧР Абузара Айдамирова. Он и прошёл тогда в депутаты. Сегодня, к сожалению, нет их обоих в живых (Дала декъал бойла уьш!) Мы сегодня собрались на творческий вечер нашей коллеги. Я перевёл несколько её стихотворений на русский язык. Прочитаю вам одно из них - «Несбывшееся счастье». Хочу пожелать тебе, Румиса, творческих успехов и чтобы сбылись все твои планы и мечты!



**Лёма Дадаев - депутат Парламента ЧР:**

- Румиса очень талантливый и умный поэт и женщина. Спасибо тебе за твоё творчество! Приятно, что ты любишь и уважаешь родной чеченский язык, преподаёшь его в школе и творчество твоё основано именно на нем. Язык матери надо знать и любить И начинать надо всегда с семьи, дома с детьми тоже нужно говорить на родном чеченском. Только в этом случае мы будем знать свой язык в совершенстве. Дай Аллах, чтобы сбылись все твои мечты! Удачи тебе!

Далее выступили **Сайхан Исраилов**, руководитель группы «Марзонан кхерч», **Тамила Магомадова** - подруга Румисы, которая прочитала стихотворение «Йишина» («Сестре»).

**Ахъяд Гайтуркаев, поэт:**

- Творчество Румисы - как глоток воды в пустыне, как река Терек, несущая свои воды под свет луны. В своём стихотворении, посвящённом матери, она показывает, что мать для неё - это олицетворение покоя, добра, милосердия и душевного тепла... Потому что роднее мамы нет никого на свете. Ахъяд также прочитал и своё стихотворение, посвящённое матери.

**Малика Салгериева, учительница и коллега Румисы:**

- Это село вырастило и воспитало много известных людей, политиков, учёных, героев войны, литераторов и т.д.

Одна из продолжателей славной династии Мамакаевых - наша Румиса. То, что она пишет для детей - это очень ценно. Как и то, что она, посредством стихов, будучи педагогом, обучает и воспитывает детей.

**Йисита Гаирбекова - бывшая глава Ножаюртовского района Чеченской Республики, и Ахъяд Баталов,** в свою очередь, также высоко оценили творчество Румисы Мамакаевой и пожелали ей творческих удач и успехов.

**Эдуард Мамакаев - писатель, поэт ЧР, директор литературно-мемориального музея им. А.Ш.Мамакаева в с.Надтеречное:**

- Очень рад этой встрече - это важное мероприятие. Когда мне позвонила Румиса и попросила принять участие на вечере, я собирался в поездку в г. Волгоград, на важное мероприятие. Но сейчас я не жалею, что остался и нахожусь здесь, с вами. В творчестве Румисы прослеживается одна цель - это привитие интереса к произведениям



авторов родного края, духовно-нравственного воспитания детей, развитию у них эстетической культуры, творческой фантазии, интереса и любви к книге. И всё это - путём любви к родному чеченскому языку. Там, где сохраняется язык матери, там соблюдаются традиции, обычаи и адаты предков.

Ну а завершилось мероприятие после вкусного обеда походом в литературно-мемориальный музей им. А.Ш.Мамакаева, где Эдуард Мамакаев рассказал нам подробно об истории создания музея, об экспонатах, которые хранятся в двенадцати комнатах старинного домика. Были сделаны и памятные фотографии на фоне бронзового бюста писателя Арби Мамакаева.

**Ильмади СОИПОВ, журналист**
**с. Надтеречное, ЧР - г. Хасавюрт, РД. Фото автора**

# «День чеченского языка» в СОШ №11

**В канун майских праздников в МКОУ «СОШ №11» г. Хасавюрт состоялось мероприятие, посвященное «Дню чеченского языка».**

**Началось оно с выступления директора школы В.М. Хункарова. Он поблагодарил гостей за возможность разделить радостное событие, а так же пожелал преподавателям родного языка плодотворной и конструктивной работы.**




Мероприятие прошло организованно, что не осталось без внимания присутствующих.

Встречали гостей традиционным кавказским радушием: в национальных костюмах, женщины готовили кавказские блюда, в фойе в традиционном стиле чеченской сакли старшеклассницы инсценировали чеченские белхи с пряжей шерсти и чисткой кукурузы под старинные народные песни.

Среди приглашенных гостей были: С.-М. В. Баширов – заместитель министра ЧР по национальной политике, внешним связям, печати и информации; С. И. Мунаев – директор Департамента национальной политики и внешних связей ЧР; К. Д. Сулейманов – представитель Главы Чеченской Республики в СКФО, Г. А. Давыдов – уполномоченный СКФО; А. М. Байтарбиев – Представитель Главы ЧР в Саратовской области; Р.С. Бетарбиев - представитель Главы ЧР в РД; С. С. Шавхалов - первый заместитель представителя Главы ЧР в РД, член Общественной Палаты РД; Х.Ю. Абреков - председатель Совета старейшин чеченцев Дагестана; А. А. Яхьяев– представитель Главы ЧР в Челябинской области с делегацией из 11 человек во главе с. Ю. А. Лапидус – директором Дома Дружбы народов Челябинской области; З.А. Гаджиев - представитель Правительства РД в ЧР; руководитель со своей группой преподователей ЧР Аза Абдулвахитовна Бергоева; корреспондентская группа «ЧГТРК» и представители общественности из обеих республик; И.И. Чергизбиев – заместитель Главы администрации г. Хасавюрт; Р. М. Нукеров - главный специалист-эксперт Министерства по национальной политике и делам религий РД; представители Управления образования города Хасавюрт Жанна Шахбазова, Азра Рашидова; Умар Якиев, Халид Зайнулабидов - представители республиканской газеты «Нийсо-Дагестан»; Исмаил Гапуев - предприниматель; Сулейман Сатыбалов - депутат Городского Собрания г. Хасавюрт; Али Шовхалович Гехаев – «Заслуженный учитель РД», «Ветеран труда», бывший директор СОШ №11; Муса Умархаджиевич Маниев – кавалер «Ордена дружбы народов», «Заслуженный учитель РД», Самаил Джамхатович Мусаев - «Отличник образования РД».




Выступающие отмечали значимость родной речи, от которой зависит дальнейшее существование народа-носителя этого языка.

Мероприятие завершилось концертной программой и поощрением МинНацИнформ ЧР наиболее отличившихся педагогов и учащихся в подготовке и проведении праздничного мероприятия.

Все они также отметили и огромную работу в этом плане преподователя чеченского языка СОШ №11, ведущей программы , М.Д. Мазиговой, ее помощника М.И. Хатиева – советника директора по внешкольной работе и других.

**Халид ЗАЙНУЛАБИДОВ**
**Фото Заиры АЛИЕВОЙ**






# Пайде йолу Iамал ...

**Йан хала а йоцуш, йича йоккха йал а хир йолуш Iамал.**

Делан Элчано (Делера салам маршалла хуьлийла цунна!) элира:

Роддзыту биллаьхIи Роббан, ва биль Ислаьми динан, ва би Мухьаммадин (С.1.С) набиййан

«АллахI сайн Дела хиларна реза ма хили со, Цунна муьтIахь хиларца. АллахIа со бусалба кхолларна реза ма хили со. Дала Элча Мухьаммад (Делера салам маршалла хуьлийла цунна!) пайхамар а ваийтина, цуьнан умматах со кхолларна реза ма хили со».

И дешнаш аьлларг милла а велахь а, йалсамани важиб хир ма йу цунна. И бохург цхьа а шеко йоцуш оцу йалсамана чувохуьйтур ву бохург ду.

Кхечу хьадисехь боху Делан Элчано (Делера салам маршалла хуьлийла цунна!): «Цхьана а бусалба стага 3-зза эр ма дац, ша Iуьйренга а, суьйренга а ваьлча, къемата дийнахь, уггаре а цхьа хало чIагIйеллачу хенахь, цхьа кIезиг хилла а йал стенгара хир йара-те, бохуш гатвелла, хьере а хиллачу хьийзачу дийнахь, оцу дийнахь АллахI Дала цхьа йоккха йал а кечйиний бен, хьуна дагахь доцчу кепара»:

Роддзыту биЛлаьхIи Роббан, ва биль Ислаьми динан, ва би Мухьаммадин (С.1.С) набиййан

ХIун пайда хуьлу и доIа деш лелийча? АллахI Дала йалсамани луш йу хьуна, къематдийнахь, цу дийнан халонна хьо гатвелла хьаьвзина, хьуна уггаре а йал оьшучу дийнахь, ахь цхьана а агIор сатосийла а йоцчу кепара Дала цхьа хаза йал йелла, воккхаве-вийр ву хьо. Iамал ша йан хала а йац, хIетте а, Дала цуьнна дуьхьал беш болу бекхам мел боккха, хаза, къинхетаме, ниIмате, беркате бу. Цхьана а дена цхьана а заманахь гина а доцуш, дуьйцуш хезна а доцуш, ур-атталла дагатесна а доцчу ниIматашца хаза бекхам беш бу-кх хьуна АллахI-Дала, хIора Iуьйранна а, суьйранна 3-зза и дешнаш доьшуш волччунна.

Дала Шен къинхетамах ма дохийла вай дуьненахь а, эхартахь а.

***

**Делан Элчано (Делера салам маршалла хуьлийла цунна!) шен йоIана ФатIиматна Iамийна доIа.**

ФатIимат (Дела реза хуьлийла цунна!) вайн Пайхамаран (Делера салам маршалла хуьлийла цунна!) доьзалх шен кепара схьакъаьсташ хилла, дукхайезаш хилла цунна иза, жимахйерг а йолуш доьзалехь. Шен леларца, боларца вайн Пайхамарах (Делера салам маршалла хуьлийла цунна!) уггаре а тера а хилла иза халкъалахь а, доьзалехь хилла а ца Iаш.

ФатIимат шен дех мел чIогIа тера хилла аьлча, цунах лаьцна дуьйцу Iаишата (Дела реза хуьлийла цунна!): ФатIимат йолаййелча, цуьнан болар шен ден Делан Элчанан (Делера салам маршалла хуьлийла цунна!) боларх цхьана а кепара схьакъаьсташ дацара. Шен лелар, гIиллакх, хьежам, хьежар а хилла ца Iаш, ур-атталла болар а деччух тера хилла-кх цуьнан. Пайхамаран (Делера салам маршалла хуьлийла цунна!) доьзалех шайн да хилла ца Iаш, Умматан да волу Элча дIакхалхаран хало, сингаттам, и беза бала лайнарг ФатIимат бен йац, бисина доьзалш берриге а Элча дийна а волуш дIакхелхина. Иштта вайн сийдолчу Пайхамара (Делера салам маршалла хуьлийла цунна!) олуш хилла: ФатIимат шех цхьа дакъа ду шуна. Варийлаш цунна цатам ма белаш. ФатIиматана цатам бинчо, боккъалла а шена цатам бина шуна цо.

Iайшата (Дела реза хуьлийла цунна!) дуьйцу: ФатIимат хIоразза а чоьхьа мел йолу, хьала а гIоттий, дуьхьал а воьдий, цуьнан хьаж йуккъе барт а боккхий, йуха иза шаI хиъна Iаш хиллачу метте «схьайоьл шен ФатIимат» олий, иза шена тIех дукхайезар гуча доккхуш, шен метте охьа а хаайой, цул тIаьхьа шаI охьахууш хилла Пайхамар (Делера салам маршалла хуьлийла цунна!).

ХIокху дийцаршкахь вайна керла доIа Iамийна а ца Iаш, Пайхамара (Делера салам маршалла хуьлийла цунна!) шен йоьIаца муха хаза гIиллакх лелийна, шена дукхайезаш йолу, и шен деган стом, йалсаманехь зударийн эла хир йолчу ФатIиматах, цуьнан шен дех тера хиларан куьцех, иштта Делан Элчано (Делера салам маршалла хуьлийла цунна!) иза шен девешин кIанте, Делан лом ду аьлла шен накъосташкахь билгалваьккхина волчу Абу ТIолибан кIанте Iеле хIусамнана йина ФатIимат дIайалар. ФатIимат Iеле йоьдучу хенахь цуьнан I8 шо хилла, тхъа Iелин 23 шо.

Iели шега ФатIимат Пайхамара (Делера салам маршалла хуьлийла цунна!) йаийтарна барам боцуш воккхавеш хилла, цунах дозалла деш олуш байташ а йолуш: Мухьаммад (Делера салам маршалла хуьлийла цунна!) шен девешин кIант а ву иза, шен стунда а ву иза, гIазотийн эла волу Хьамзат шен деваша ву, Мухьаммадан (Делера салам маршалла хуьлийла цунна!) угаре а хьоме йолу йоI ФатIимат шен хIусамнана йу, шен дерриге а дуьненан синтем бу иза, Пайхамарна (Делера салам маршалла хуьлийла цунна!) йоьIан ши кIант Хьасайн, Хьусайн а оцу Пайхамаран уггаре а дукхайезаш йолчу йоIа вина шен ши доьзалхо а ву. ТIаккха вуй шух цхьа а Дала шена дина дика дина, иштта комаршо йина?!

Пайхамара (Делера салам маршалла хуьлийла цунна!) оццул чIогIа шена дукхайезаш йолчу йоIе весет деш, цунна Iамийна долу доIа ду хIара. Дас шен дукхайезачу йоIе уггаре дикачу, тоьллачу, хазачу, пайдечу хIуманца бен дийр ма дац хьехар, весет.

«Ахь дикка ладогIа шен деган стом ФатIимат, ас цхьана дикачу хIуманца весет дийр ду хьоьга. Хьо Iуьйренга а, суьйренга а йаьлча хIара дешнаш алалахь, ФатIимат, хIорш вуно чIогIа дика дешнаш ду хьуна, весет деш боху хьоьга уьш леладарца»:

Йа Хьаййу, йа Къоййум, бирохьматика астагIису, аслихь ли шаъни куллахI, ва лаь такильни илаь нафси тIорфата Iайн.

«ХIай даима а дийна Верг, йа АллахI, хIай цкъа а дIавер Воцург, дерриге а халкъ Iалашдеш, и халкъ Хьайга хьашт Дерг, Хьан къинхетамца гIо лоьху-кх ас Хьоьга, йа АллахI. Йа АллахI, сан дерриге а гIуллакх тодахьара Ахь. Ас са мел гатдеш долу хIума, сан дегIаца, могашаллица, дагца, сица, дахарехь, хIусамехь, массо хIума а йа АллахI нисде Ахь, дIахIоттаде Ахь. Йа АллахI, бIаьрган негIар тухучу заманна а сайн дегIа тIе ма товжавахьара Ахь со! Йа АллахI, соьгахь цхьа а ницкъ а бац хьуна, со къера ву хьуна сайн гIелаллина, Хьан къинхетаме, Хьан гIоьне хьашт а ву хьуна со. Даиманна а сан гIуллакх тодахьара Ахь, йа АллахI».

ХIора Iуьйранна а, суьйранна и дешнаш доIанца леладелахь шен ФатIимат, Дала шен кепара гIуллакх тодийр ду хьуна хьан, аьлла Делан Пайхамара (Делера салам маршалла хуьлийла цунна!).

**Iабдуллахlа дуьйцуш дIайаздина ИДРИСОВ Ислама**

# КъинтIера ялахьа, нана!

Нана! Мел довха, хаза, хьоме, исбаьхьа, ламанан шовда санна, ц1ена, дагна там беш, дег1ана йовхо луш, мацалла, хьогалла йицйолуьйтуш, мел ч1ог1а хиларх, лазарна г1оле еш, дуьненахь йоккху хан сел мерза хоьтуьйтуш, дуьне а, 1алам а, ялсамане а, жоьжахате а- массо а х1ума кхоьллинчу вайн Дала даздина, аларца хаздина, чулацам шорбина, массо а стагана деза кхоьллина, дешица, детица, дезачу жовх1аршца кхелина, мел деза дош ду хьо!

Нана! Сан дика нана! Мел чомехь хилар-кха ахьа хьайн куьйгашца кечбина кхача! Мел чаьммаза хуьлу-кха и, кхечо и кечбича!

Нана! Мел шийла хуьлу-кха, хьо ца хилча, мел малх кхетта хиларх, х1ора дог1у де!

Мел еса хуьлу-кха, хьо ца хилча, тхо деха х1усамаш! Мел ч1ог1а оьшу хьо, дахаро човхийча, доьхна дог хьаста, хьоьх дагавала, къевллина, хьо мара а йоьллина, дуьненахь воллушехь, ялсаманин чам баккха, хьайн ховха куьйгашца айхьа хала кхиийна доьзалхо хьаста, бала байбеш, дагна синтем беш, г1айг1ано гатдинчу дагна г1оле еш!

Нана, ма эшара суна хьо х1инца а, со, д1аихначу сайн шерийн рог1алле хьаьжча, баккхийчарех ларалуш велахь а!

Буьйсанан тийналлехь суо висча, ма дукха 1а со хьо дагалоьцуш, хьан юьхь-сибат ойланашца хьоьстуш, ахь дийцинарг, хилларг, лелларг дагаоьхуш !

Нагахь сан амалшца, леларца, сан вахарца тахана диканиг делахь, дог-к1еда со велахь, нахана товш дерг соьгара далахь, дукхах долчу декъана хьо ю-кха цунна бехкениг.

-Дас аьлларг деш воцург стаг вац хьуна, к1ант, хьайн ден сий-пусар делахь, дас аьллачунна дуьхьал дош ма даладелахь! Йижаршца къинхетаме хилалалахь, лулахошца мерза хилалахь, нахаца тарлолахь, хьайн дас бечу хьехамашка дика ладуг1уш хилалахь, дахарехь хьуна оьшу дерг ду хьуна цо дуьйцурш,-бохуш, ахь соьга дина къамелаш диц ца дина хьуна ас. Да ц1ахь цахиларх, сайн жималлина хьекъал ца кхочуш, соьгара цатовш дерг даьлча, ма тоара суна, ахьа сайн дега суна д1адуьйцур ду аьлча! Хьоьга и ца дийцийта, ма хьесталора со хьуна! Ма ч1ог1а 1амавора ахьа со сайн миска да лара!



Со хьуна санна, Дела а хуьлда хьуна реза, сан хьоме нана! Ма ийши суна сайн дахарехь ахь соьга дийцинарг, ахь суна 1амийнарг!

Сих-сиха схьаоьций, хьан суьрте хьоьжуш 1а со, хьо дагалоьцуш. Ц1ахь болчарна хууш а, ца хууш а, хьан коша т1е вог1ий, х1инца а хьоьга дагара дуьйцу ас, сайн бала хьоьга балхош, хазахетар хилла меттиг хилча, и хьоьга дуьйцуш. Хьо-м кхузахь хьо цхьаъ яц: хьол лакхахьа хьан к1ентан, сан, к1ант ву. Дуьненахь дукха ваха веана ца хилла и. Дала эхартана пайде войла и! Т1аккха хьо, юха-хьан нус, сан х1усамнана хилларг, цул сехьа-сан да, сан ваша…

Дала гечдойла шуна!

Ткъе кхоъ шо д1адаьлла хьо соьца йоцу… Х1ан-х1а, иштта ца олу ас! Хьо суна гуш йоцу: сан даг чохь-м хьо даима а ма яй!

Ахь дийцара суна, хьан ден, ненан хьо цхьаъ бен ца хилла, олий . Дийцара, вайн къам махках даьккхина, Г1ум-Ази д1адуьгуш, хьайн дех, ненах хьо къастийча, ахьа лайнарг, айхьа царна сагатдеш яьккхинчу хенах лаьцна. Царна даьккхина илли а дара хьан хьайн мукъамца олуш. Ма дукха ладег1на аса цу иллига, хьоьца цхьаьна, хьан б1аьргех оьхуш долу хиш гича, ца лалуш, со суо а воьлхуш…

Хьуна кхин ца гуш, Казахстанан аренгахь шайн 1ожалла т1еэцна, хьоьх хьоьгуш эхарта д1адирзина хьан къена да, нана.

Х1етахь, цамгаро лаьцна, меттахь йолу хьо ц1ахь а юьсуш, со армехь волчу шарахь, хьуна сагатдина, айса яздина цхьадолу мог1анаш дагадог1у суна х1инца а. Хьуна лерина дара сан уьш. Хьуна-м со армехь вуй а ца хаийтира, ахь цаларна кхоьруш. Хьуна-м со Ростов-г1алахь доьшуш ву моттийтира оха: со армехь ца хилчхьана хьуна мегаш ма дарий!

**…Шераш д1аэхарх,**
**суна дагадог1у**
**Со вина и ц1енош,**
**цхьа жима кор.**
**Цу коре а хиъна: «Сан**
**к1ант!»- ахь бохуш,**
**Хийла со хьистина,**
**ца дууш пхьор.**

**Цхьа илли дара хьан**
**сих-сиха олуш-**
**Даима сан даг чохь**
**лаьттар ду и.**
**Къанделла да-нана**
**гур дуй-те, бохуш,**
**Меллаша 1ийдалора**
**хьан б1аьргех хи.**

**Х1етахь цу дешнаша**
**1овжийна кийра**
**Х1инца а шен чевнаш**
**ерзаза бу.**
**Ца лаьа хьо гойла сел**
**ч1ог1а г1ийла,**
**Со кхета, и хьуна**
**хала хир ду.**

**Дуккха а баланаш**
**вайн халкъо хьегна,**
**Мацалло, хьогалло**
**ницкъ бина хийла.**
**Цундела сел ч1ог1а**
**1аьткъина дагна**
**Юьхь т1ехь хьан х1ора сиз, халонна дийлла.**

**Ца моттара кху тайпа**
**вовшашна гур д у,**
**Ткъа сан ирс дуьненахь хьайчул сов хилла.**
**Сан нана, хьо хилча,**
**хьан доьзал ирсе бу.**
**Цундела лаьа хьо**
**дукха ехийла.**

**Хьан ц1арца ч1аг1деш, дош ду сан делла,**
**Даймехкан сий лардеш, сайн са д1адала.**
**Аттаниг дезарна со**
**1ехавелла**
**Ца гайта цкъа а, мел**
**хиларх хала…**

Х1етахь кху мог1анашка ерзийнера аса хьоьх лаьцна мел йина ойла. Суна моттара цу дешнашца аса хьоьга дерриг а дийцина, айса и байт т1ехь йолу кехат хьоьга, со цкъа отпуске а веана, юха арме д1авахча, хьалхарчу дийнахь яз а дина, ц1а доуьйтучу миноташкахь.

Ма аьттехьа а ца хиллера и! Ма к1езга а, сан деган хьоьга йолчу йовхоне хьаьжча, шийла а яздина хиллера аса хьоьга и кехат!

Маржа-я1, сан нана! Тахана, сайн доьзал хьалакхиъча, ма дарра хиъна-кха суна, ахьа тхо мел хала лелийна, мел хала кхиийна! Со вайн доьзалехь цхьайтталг1а, «лекъаш винарг» вара ма аларий ахьа. Сан кхо йиший, х1инца хьуна уллехь д1авоьллина волу сан цхьа ваший бен цу дуьсуш, важа вежарий а, йижарий а д1а а боьхкина, царах эца ца кхиина йолу марзо тхуна т1е а хьажийна, ма дезаш кхебира ахьа тхо! Кхин х1умма а ца хилча, тоьар дар-кха ахьа сан вешига а, соьга а, соьл йоккхах йолчу йишига а дешийтар! Цу халачу хенахь…

Хьо тхоьца йолуш а наггахь дехара аса хьоьга, сайгара цхьа х1ума даьлча, сайна гечдар: г1алаташ соьгара а ма дийларий. Амма тахана а, дикка хан-зама цул т1аьхьа д1аяьлча, хиллачун, леллачун ойла мел йин а, дагахьбаллам бу-кха суна, хьо тхоьха д1акъастале сайна хьо т1аьхьхьара а къинт1ера ца яккхарна. Валлах1и, и 1алашо сан хилча а, даго т1е ма ца дитара, со а витина, хьо эхарта йоьрзур ю бохург! Хьалха а ма ярий хьо, айхьа кхойтта шо к1елйисина меттахь доккхуш, цкъа цамгар ч1аг1луш, юха г1оле хуьлуш.

Дависа, схьаелира хьо х1инца! Ма дукха х1ума дуьйцур дара аса хьуна! Ма цхьаъ висина со, малуъу дагавала стаг а воцуш, сайн баланашца, сайн г1айг1анашца, сайн ойланашца…

Хьо тахана соьца яцахь а, доьху-кха аса хьоьга х1инца а: « Сан хьоме нана, ялахьа суна къинт1ера!» .

**Бадруди МАГОМАДОВ**

Бадруди МАГОМАДОВ

# Сан нохчийн мотт

Хьоьх лаьцна дуккха а аьлла ду дезаниг,
Делахь а 1елац-кха кийрара дог.
Хьо бу-кха дуьненахь уггар а мерзаниг,
Дас, нанас бийцина сан нохчийн мотт!

Ахь суна йовзийти Даймехкан хазалла,
Довзийти ахь суна дайн г1иллакхаш.
Со нохчи хиларна до аса дозалла,
Аларна дуьххьара ас нохчийн дош.

Хуучо, безачо мел хаза буьйцу хьо,
Лаладеш, делхадеш, деладеш дог!
Хьоьца уьйр херйинчо ма эрчабоккху хьо,
Х1оттуьйтуш сан даг т1е оьг1азе бог!

Эзарнаш шерашкахь хьо дайша ларбина,
Наноша, сел безаш, хьистина хьо.
Библла ахьа сан туьйранах тардина,
Иллешкахь сан лерехь бекна бу хьо.

« Мотт бацахь, къам а дац!»-аьлла-кха вайн дайша,
Бакъ ду и: дан а дац, мотт бацахь, къам.
Доьху аса: вайн меттан сий-пусар дайша!
И бицбахь, хир ма дац вайн нохчийн къам !

# Жима дийцарш

Ведантахь Iаш вара Галпат бохуш цхьа стаг.

Цуьнан вара Арсамик бохуш кIант, дикка хьекъална аьрта а волуш. Арсамика, шайн хьаьжкIаш юккъе бахана болчу тхан аттана, ластийна, диг тIаьхьакхоьссина хилла. Иза, аттан коган кIожам а хадош, кхетта хилла.

Тхан дас, оцу аттана урс а хбаькхна, цуьнан жижиг ГалпатгIарна дIаделла хилла, шен етт токхур аша, аьлла. ТIаккха дас-нанас, кIа диъча санна, хьийзош хилла Арсамик:

– ХIунда бийна ахьа нехан етт, и такха таро ю вай? – бохуш.

Арсамика аьлла:

– Хьажахьа, цара дуьйцург! Шу, аса и етт а бийна, жижиг ца даьккхинехьара, макх а делла, якхалла леш ма дохкура.

* * *

ЦIоьнтара базарахь цхьаммо кхайкхош хилла:

– Цхьана стеган шаьлта йоьжна. И карийначунна хIума а лур яра, и схьалахьара, – бохуш.

Юххехь лаьттащ хиллачо, т1е а таь1на элира боху:

– Юкъах йихкина шаьлта шен йоьжча-м хаа а мегар ма дара.

– Хаа а хиъна кхайкхош яц иза, – аьлла вукхо.

* * *

Бас-Поьрдалахь хилла цхьа харцахьара стаг, шена луъург бен ца деш. Цхьана ловзаргахь иза, зудаберийн могIаре охьа хиъна, наха дIавала эццара аьлча дIа а ца волуш. Цигахь тIенисвеллачу Г1оьрдалойн Эсаловс, ка тоьхна схьа а лаьцна, дIаластийна хьаьжкIийн дайх тоьхна и.

ТIаккха цу стага элира боху:

– Поьрдалойн Эсаловна мегар алий сох куьг ма тохалаш, ас могуьйтур дац шуна.

* * *

Поьрдалахь пхьоьг1ане гулбеллачарех цхьаммо элира боху:

– Тахана 1илман наха Куьрчал-Эвла туьхана тIехь лаьтташ ю аьлла сацийн боху.

ТIаккха Баса-Поьрдалара Даьддас аьлла:

– Ма чIогIа тIаьхьабисина хилла-кх и 1илман нах, суна и туьхана тIехь юйла хуу-м дуккха а хан яра…

СПОРТ

# Выступили удачно



**Последние числа весенних месяцев - март и апрель - выдались на редкость богатыми на различные соревнования как у нас в Дагестане, так и в центральной России. И, надо отметить, оказались удачными для спортсменов с.Бамматюрт.**

Так, 22-24 марта 2024 г. во Дворце спорта им.Али Алиева г. Каспийска, выступая на чемпионате Дагестана по отбору на СКФО по греплингу в весовой категории 66 кг, уроженец села Бамматюрт Ахмед Асхабов занял первое место.

Его одноклубник Наиб Газиев, выступая на этих же соревнованиях в весовой категории до 70 кг, занял третье призовое место (тренер Ибрагим Гакаев.)



23-25 апреля в Московской области, в Солнечногорске, на Чемпионате и первенстве России по MMA-Free Fihting другой бамматюртовец Хизир Какаев в весовой категории 57 кг стал чемпионом России, завоевал звание мастера спорта международного класса и прошёл отбор на чемпионат мира в Казахстан (тренер Аслан Бетмирзаев, клуб «Ахмат» Реу Плеханова Москва МГПУ).

**Ильмади СОИПОВ**

## Правила здорового образа жизни:

- правильное питание
- личная гигиена
- режим дня, полноценный сон
- активный отдых, подвижный образ жизни, занятия спортом
- отказ от вредных привычек
- закаливание
- положительные эмоции



ЗНАЕТЕ ЛИ ВЫ?

# Интересные факты

**В 1500 году до н. э. бритая голова считалась идеалом женской красоты**

Египетские красавицы удаляли все волосы с головы специальным золотым пинцетом и полировали кожу до блеска салфетками. Потом поверх головы надевали парик из овечьей шерсти или растений. А иногда для создания большего объема надевали один парик на другой.

**С каждым днем Земля тяжелеет на 60 тонн**

По подсчетам ученых, вес космической пыли и других тел, которые попадают на Землю каждый день, составляет от 0,4 до 110 тонн. В среднем это 60 тонн.

**Первый будильник мог звонить только в 4:00**

Первый будильник был изобретен Леви Хатчинсом в 1787 году. Но сконструировал он его только для себя и таким образом, чтобы устройство будило его на работу ровно в 4:00 утра.

**Слово «верблюд» произошло от слова «красота»**

В арабском языке слова «верблюд» (джамаль) и «красота» (джамаль) имеют одинаковый корень.

**Всего за 79 дней британец проехал весь мир на велосипеде**

Британский велосипедист Марк Бомонт объехал вокруг света на велосипеде за 79 дней. Для этого ему приходилось ежедневно проезжать в среднем по 386 км за 16 часов. А спать — 5 часов в сутки.

**Лошади могут спать стоя, но не могут видеть сны, пока не лягут**

Впрочем, то же самое касается коров, жирафов, верблюдов, зебр и многих других подобных животных. Стоя они не спят, а просто дремлют, поэтому сны не появляются. Для глубокого сна все-таки придется прилечь.

**Эйнштейн не носил носков**

Сам Эйнштейн дал 2 ответа по поводу ношения носков:

«Когда я был маленький, я заметил, что большой палец на ноге всегда заканчивается дыркой в носке. Поэтому я перестал носить их».

«Зачем носить носки и туфли, если что-то одно выглядит вполне неплохо».

**Сумма точек на противоположных гранях игрального кубика всегда равна 7**

Все потому что раньше семерка считалась магическим числом, а бросание кубика приравнивалось к некоему магическому ритуалу, позволяющему узнать судьбу.

**Панда — это не медведь, а енот**

С одной стороны, панды внешне похожи на медведей. С другой, их окраска, тип жизни и то, что панды не впадают в спячку круглый год, говорит о том, что это вид енотовых. Ученые до сих пор спорят, кто же такие панды, большинство склоняются ко второй версии, но по классификации панду все еще относят к медвежьим.

**Алкоголь защищает от радиации**

Это звучит как начало анекдота, но в ходе эксперимента японские ученые доказали, что пиво и другие алкогольные напитки могут защитить от радиации. 0,5 литра светлого пива вполне достаточно, чтобы снизить повреждения, вызванные радиацией, на 34 %.

**В Новой Зеландии существуют хищные попугаи кеа, которые охотятся на овец**

Это очень умные, любопытные и игривые птицы, которые привыкли к человеку. Они любят кувыркаться в снегу и принимать ванны в лужах. Но не спешите умиляться.

Эти птицы питаются падалью и нападают на живых овец. Кеа садится на землю около жертвы, а затем неожиданно запрыгивает ей на спину и выклевывает кусочки подкожного жира. Чаще всего исход такой атаки для овцы крайне печален.

**Аромат бананов помогает похудеть**

Так говорят ученые-диетологи. К запахам, помогающим худеть, также относится аромат персиков и яблок. Готовиться к лету еще не поздно. Срочно нюхаем бананы.

**За $ 22 500 была продана печенька с корабля «Титаник»**

Такие крекеры входили в паек, выдаваемый спасенным в шлюпках «Титаника». Сегодня это 106-летнее печенье считается самым дорогим в мире.

**В нашем теле содержится до 0,2 мг золота**

В организме взрослого человека в среднем можно найти 0,2 мг золота, половина этого количества содержится в костях, а другая половина — в крови и внутренних органах. При повышенном содержании золота в теле, оно аккумулируется в печени, почках, селезенке, гипоталамусе. По качеству такое золото соответствует 550° пробе.

То есть чтобы собрать 1 кг золота, потребуется примерно 5 млн человек. Теперь вам с этим жить.

«НИЙСО-ДАГЕСТАН» 6+
УЧРЕДИТЕЛЬ:
Агентство информации и печати РД
***
Главный редактор Умар Абдулнасирович ЯКИЕВ
***
Дежурные по номеру:
М. С. БАЙМУРАДОВ
И. А. СОИПОВ
***
Адрес редакции и издательства:
368009, г. Хасавюрт, ул. Мусаева, 18
***
Телефон:
8(8722) 66-00-62
***
E-mail:
nniyso@bk.ru
niyso@etnomediadag.ru
***
Сайт:
http://niyso-dag.ru
***
Газета выходит 48 раз в году
***
Индексы:
полугодие - 51343;
год - 63256
***
Тираж - 2600 экз.
***
Цена - 10 рублей
***
Рукописи не рецензируются и не возвращаются. Позиция редакции может не совпадать с мнением авторов.
***
Газета зарегистрирована на ЮОМТУ ПТР Российской Федерации
***
Регистрационный номер ПИ № ТУ05-00426 от 30 апреля 2019 г.
***
Газета набрана и сверстана на компьютерной базе редакции
***
Газета отпечатана в РГЖТ по адресу: 367018, РД, г. Махачкала, пр. Петра I, 61
***
При перепечатке материалов ссылка на «Нийсо-Дагестан» обязательна
***
Газета основана в августе 1990 г., выходила под названием «Голос народа» с марта 2001 г. «Нийсо-Дагестан»
***
Газета выходит по четвергам
***
Время подписания в печать - 16.00
Фактическое - 16.00